**НОХЧИЙЧОЬНАН ДЕШАРАН А, ӀИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО**

Республикански олимпиада

_________________________________ кӀоштан

_________________________________ йуккъерчу школан (гимназин, лицейн)

_________ классан дешархочун

______________________________________________________________________

дешархочун ф. цӀ. ден ц1е.

нохчийн меттан олимпиадин болх.

**2020-2021 дешаран шо**

**Нохчийн мотт,7-8 класс**

## ТIедахкарш

**Леррина, ойла а йеш, йеша текст.**

(1)Лаьтта тIехула дIасадаьржа гуьйренан дахкарш. (2)Хетало, мархаша, лахха охьа а йаьхкина, латта дуь**(кI?къ)**ачу кIайчу чкъураца дIахьулдина. (3)Дукхахьолахь дахкарш хи тIехула а, тIуналла алссам йолчу таьIначу меттигашка а дIасад**(я?аь)**ржа. (4)Къаьсттина дуькъа хуьлу дохк садаьржаш, латта дикка шелде**(л?лл)**ачу хенахь. (5)Iуьйре**(ца?нца)** гучубаь**(л?лл)**ачу малхо дохди латта. (6)Дерриге а дендели, доладели, техки, серладели. (7)Малх схьакхетарца дохк даьржи, деши, дIадай. (8)Иза йуха а чекх са гучу Iаьнар**(е?а)** дирзи. (9)Анайист къаьсташ йу, басарш къегина ду, аьзнаш зевне ду.

(10)Дохк – Iаламан цхьа хилам бу, амма шу цецдевр ду, хIава**(э?аь)**хь кхозуш долу кегий хин тIадамаш адамашна пайдехьа хила тарло аьлча. (11) Масала, йуьртан бахаме**(х?хь)** дахкарх пайдаоьцу, гIуранах а, зуламечу сагалматех а йалташ лардархьама. (12) Дахкар**(а?ан)** гIоьнца адамаша хIаллак**(ё?йо)** зуламе микробаш а, кхераме сагалматаш а. (13) Ишттачу меттехь дахкарца иэдо шатайпа химически молханаш.

(М.В. Гумилевскаян текстан буха тIехь)

1.Текстера къовларшкахь цхьадолу элпаш йаздар шеконехь гайтина дешнаш нийса (кху текстехь йаздан ма -деззара) схьайазде.

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

**2. Билгалдаккха совнаха дош. ХIунда лерина ахь и совнаха?**

ТIуналла, малх, анайист, Iалам, хIаваъ.

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

**3. Легаде дешнаш** ***хилам, сагалматаш.***

*ЦI.д.* ______________________________________________________

*Дл.д.* ______________________________________________________

*Л.д.* ______________________________________________________

*Др.д.*_______________________________________________
*К.д.* ______________________________________________
*Х.д.*_______________________________________________
*М.д.* ______________________________________________
*Дс.д.*______________________________________________

**4. Синтаксически таллам бе предложенина:**

Малх схьакхетарца дохк даьржи, деши, дӀадай.

_____________________________________________________
_____________________________________________________

**5. Оьрсийн матте гочйе предложени:**

Дахкар**(а?ан)** гӀоьнца адамаша хӀаллак**(ё?йо)** зуламе микробаш а, кхераме сагалматаш а.

_____________________________________________________
_____________________________________________________

**6.Антонимаш йалайе хӀокху дешнашна:**

дендели - ____________________________________________
дохди - ______________________________________________
серладели - __________________________________________
дӀадай - ____________________________________________

7. **«Стенна оьшу догӀа (дождь)?»** жима сочинени йазйе.

_____________________________________________________
_____________________________________________________
_____________________________________________________
_____________________________________________________
_____________________________________________________
_____________________________________________________
_____________________________________________________
_____________________________________________________
_____________________________________________________
_____________________________________________________
_____________________________________________________
_____________________________________________________
_____________________________________________________
_____________________________________________________